

10/23/2018

Chè zanmi ak pasyan,

Pandan 10 lane, Healthcare Network of Southwest Florida (Rezo swen sante sidwès Florid la) epi University of Florida College of Dentistry (UFCD, Fakilte odontoloji Inivèsite Florid la) ap travay ansanm pou founi bonjan swen dantè bay timoun nan kominote nou an nan kanpis Florida SouthWestern State College (Inivèsite leta sidwès Florid la) nan NCEF Pediatric Dental Center (Sant swen dantè pou timoun NCEF la).

Depi lè sa a, detanzantan gen yon pi gran bezwen pou swen dantè bon mache pou timoun. Kòm rezilta, toulede òganizasyon sa yo te oblije repanse fason nou kapab reponn ak bezwen sa ki toujou ap ogmante a pou nou kapab fè yon pi gwo enpak sou kominote a.

Aprè anpil mwa ap dialoge ak lidè UFCD yo, nou te antann nou ke se UFCD ki pral pran responsablite administrasyon jeneral klinik ki nan 7505 Grand Lely Drive, Building L, nan Florida SouthWestern State College la apati premye janvyè 2019.

Desizyon sa a pral pèmèt Healthcare Network (Rezo swen sante a) pou l konsantre l sou Nichols Community Health Center (Sant sante kominotè Nichols la), yon nouvo pwoje ki pral ajoute sou sèvis medikal ak dantè ki disponib pou kominote a.

Kèk detay enpòtan :

- Klinik dantè a p ap deplase. UFCD pral kontinye founi menm sèvis dantè ak pwogram edikasyon yo nan lokal li nan Florida SouthWestern State College.
- P ap gen okenn chanjman sou pwogram aktyèl la jiska 31 desanm 2018. Si pitit ou a deja gen yon randevou ki fikse anvan jou sa a, ou pa bezwen fè anyen.
- Si w bezwen fikse yon randevou apre premye janvyè 2019, souple rele nan 352.273.5953, konsilte sit dental.ufl.edu la oubyen voye yon imel bay naples@dental.ufl.edu pou plis enfòmasyon.

N ap fè tout sa ki posib pou nou rann pwosesis chanjman founisè swen dantè pi fasil ke posib pou w. Nan non Healthcare Network of Southwest Florida, sete yon plezi pou n te sèvi w.

Nou swete w bon sante ak byennèt kòm toujou,

Mike Ellis
Prezidan direktè jeneral
Healthcare Network of Southwest Florida

NAP FOUNI BON

JAN SWEN

LASANTE BAY

TOUT MOUN DEPI

SINCE 1977